



Nouvo Aplikasyon Anrejistreman ak Tit Pwopriyete Gid Enstriksyon

Objektif gid sa se ede kliyan ak patenè komèsyal yo ranpli Fòmilè Anrejistreman ak Tit Pwopriyete yo Aplikasyon (RTA). Fòmilè RTA a dwe itilize pou fè tranzaksyon sa yo:

- Imatrikilasyon ak Tit Pwopriyete yon veyikil
- Transfè plak sou yon nouvo veyikil
- Restore yon anrejistreman
- Fè deman pou yon tit sovta (salvage title)
- Fè demann pou tit sèlman
- Fè demann anrejistran sèlman
- Transfere yon plak ant de veyikil
- Anrejistreman yon veyikil ki deja imatrikile
- Tit pwopriyete yon veyikil ki deja imatrikile
- Transfè veyikil pou konjwen
- Chanjman plak pou yon veyikil san modifikasyon
- renouvle yon anrejistreman
- Amande yon anrejistreman

Enfòmasyon nesèsè

Taye – Nivo taye a se yon vèsyon modèl veyikil , ki defini diferan karakteristik ak opsyon (egzanp SL – Nivo Estanda, LE – Edisyon ki Chè) yo pral kolekte pou detèmine valè egzat veyikil la.

Egzijans ID Pwopriyete a – Yon kliyan dwe chwazi epi bay prèv dokiman idantifikasyon ke yo te itilize nan moman enskripsyon an. Gade enstriksyon nan seksyon 4 la pou plis detay.

Nimewo USDOT ak TIN – Yo te oblije machin ki nan kategori ki endike nan Seksyon 6 la, pou yo reseva yon nimewo USDOT selon règleman 540 CMR 2.22 (2). Nimewo Imatrikilasyon Fiskal la (Tax Identification Number, TIN) se swa nimewo idantifikasyon federal konpayi asirans otomobil la oswa SSN.

Adrès Garaj – Yo ap mande w yon adrès garaj konplè (pa egzanp, lari, vil, eta, postal) olye de sèlman vil/vil la pou amelyore pratik fakti endirèk yo (excise billing). Sa a se adrès kote machin nan ye fizikman oswa kote li gare le lannwit.

Enfòmasyon sou Achat – Yo pral sèvi ak repons seri kesyon ki nan seksyon aplikasyon sa a pou detèmine kantite taks sou vant yo dwe ye epi si li nesèsè nan sitiyasyon kote y ap konvèti anrejistreman/tit machin nan soti nan lòt eta vè MA.

Vizite mass.gov/RMV pou jwenn yon egzanp fòmilè ki ranpli deja epi pou w jwenn plis enfòmasyon sou dokiman ki nesèsè pou kesyon Enrejistreman ak tranzaksyon tit pwopriyete.

1

A. Service Type		I want to:		<input type="checkbox"/> Apply for a non-resident short-term registration	
Select the transaction to be performed. Provide the plate number below if applicable.		<input type="checkbox"/> Register and title a vehicle		<input type="checkbox"/> Change plate on existing vehicle with no amendments*	
Plate Type	Plate Number	<input type="checkbox"/> Transfer plate to a new vehicle*		<input type="checkbox"/> Renew a registration*	
Transactions/Amendments in bold require an insurance stamp.		<input type="checkbox"/> Reinstate a registration*		<input type="checkbox"/> Amend a registration*	
Italicized transactions may require an insurance stamp.		<input type="checkbox"/> Apply for a salvage title		Select the information to be amended.	
Transactions with * require plate type and number above.		<input type="checkbox"/> Apply for a title only		Enter new information in the section indicated.	
		<input type="checkbox"/> Apply for a registration only		<input type="checkbox"/> Registration Type (B 3.)	
		<input type="checkbox"/> Transfer a plate between two vehicles*		<input type="checkbox"/> Address (D, E or F)	
		<input type="checkbox"/> Register previously titled vehicle		<input type="checkbox"/> Color (B 4.)	
		<input type="checkbox"/> Title previously registered vehicle*		<input type="checkbox"/> Lessee (E)	
		<input type="checkbox"/> Transfer vehicle to surviving spouse*		<input type="checkbox"/> Fuel Type (B 8.)	
				<input type="checkbox"/> Garaging Address (G)	
				<input type="checkbox"/> Total Gross Weight (B 12.)	
				<input type="checkbox"/> Insurance (K)	
				<input type="checkbox"/> Name (D or F)	
				<input type="checkbox"/> Other: _____	
				<input type="checkbox"/> VIN (B 1.) For vehicles with no MA Title	

2

B. Vehicle Information		B1. Vehicle Identification Number (VIN)		B2. Body Style	
B3. Registration Type: <input type="checkbox"/> Passenger <input type="checkbox"/> Commercial <input type="checkbox"/> Bus <input type="checkbox"/> Livery <input type="checkbox"/> Camper <input type="checkbox"/> Trailer <input type="checkbox"/> Taxi <input type="checkbox"/> Motorcycle <input type="checkbox"/> Semi-Trailer <input type="checkbox"/> Other: _____		B4. Color(s): <input type="checkbox"/> Black <input type="checkbox"/> White <input type="checkbox"/> Brown <input type="checkbox"/> Blue <input type="checkbox"/> Yellow <input type="checkbox"/> Gray <input type="checkbox"/> Purple <input type="checkbox"/> Green <input type="checkbox"/> Orange <input type="checkbox"/> Red <input type="checkbox"/> Silver <input type="checkbox"/> Gold			
B5. Year	Make	Model	Model#	Trim	
B6. Transmission Type: <input type="checkbox"/> Automatic <input type="checkbox"/> Other: _____ <input type="checkbox"/> Manual		B7. Number of: Cylinders / Passengers / Doors / / /		B8. Fuel Type: <input type="checkbox"/> Gas <input type="checkbox"/> Electric <input type="checkbox"/> Propane <input type="checkbox"/> Diesel <input type="checkbox"/> Hybrid <input type="checkbox"/> Other: _____	
B9. Odometer (Miles)		B10. Bus: <input type="checkbox"/> Regular <input type="checkbox"/> DPU <input type="checkbox"/> School Bus <input type="checkbox"/> School Pupil <input type="checkbox"/> School Pupil/Taxi <input type="checkbox"/> School Pupil/Livery		B11. If carrying passengers for hire, enter max seating capacity _____	
				B12. Total Gross Weight (Laden) Cannot exceed GVWR _____	

3

C. Title Information		C1. Vehicle Condition <input type="checkbox"/> New <input type="checkbox"/> Used		C2. Previous Title Issue Date (MM/DD/YYYY)	
C3. Previous Title Number		Previous Title State		Previous Title Country	
C4. Title Type: <input type="checkbox"/> Clear <input type="checkbox"/> Salvage <input type="checkbox"/> Reconstructed <input type="checkbox"/> Theft <input type="checkbox"/> Prior Owner Retained <input type="checkbox"/> Owner Retained		C5. Primary Salvage Title Brand: <input type="checkbox"/> Repairable <input type="checkbox"/> Parts Only		C6. Secondary Salvage Brand(s): <input type="checkbox"/> Vandalism <input type="checkbox"/> Flood <input type="checkbox"/> Fire <input type="checkbox"/> Salt <input type="checkbox"/> Collision <input type="checkbox"/> Other	

4

D. Owner 1 Information		D1. Select Owner(s) Identification Requirement being provided for registration purposes <input type="checkbox"/> MA License/ID <input type="checkbox"/> Out-of-State License <input type="checkbox"/> Social Security Number <input type="checkbox"/> Lawful Presence/ Foreign Unexpired Passport/ Consular ID #			
D2. 1st Owner's Name (Last, First, Middle)		D3. Date of Birth (MM/DD/YYYY)		D4. License/ ID/ SSN/ Passport/ Consular ID #	
D5. Residential Address		Apt.#	City	State	Zip Code
D6. Where was document from D4 issued?					
D7. Mailing Address <input type="checkbox"/> Same as Residential		Apt.#	City	State	Zip Code
D8. Expiration date of document from D4					
D9. Email		<input type="checkbox"/> Cell <input type="checkbox"/> Home <input type="checkbox"/> Work Phone#			
Owner 2 Information		D10. Select Owner(s) Identification Requirement being provided for registration purposes <input type="checkbox"/> MA License/ID <input type="checkbox"/> Out-of-State License <input type="checkbox"/> Social Security Number <input type="checkbox"/> Lawful Presence/ Foreign Unexpired Passport/ Consular ID #			
D11. 2nd Owner's Name (Last, First, Middle)		D12. Date of Birth (MM/DD/YYYY)		D13. License/ ID/ SSN/ Passport/ Consular ID #	
D14. Residential Address		Apt.#	City	State	Zip Code
D15. Where was document from D13 issued?					
D16. Mailing Address <input type="checkbox"/> Same as Residential		Apt.#	City	State	Zip Code
D17. Expiration date of document from D13					
D18. Email		<input type="checkbox"/> Cell <input type="checkbox"/> Home <input type="checkbox"/> Work Phone#			

5

E. Lessee Information / In Custody of		
E1. 1st License #/ ID #/ SSN/ FID	E2. 1st Lessee or Corp/Co/Organizations Name	E3. 1st Lessee Address
E4. 2nd License #/ ID #/ SSN/ FID	E5. 2nd Lessee or Corp/Co/Organizations Name	E6. 2nd Lessee Address

Swiv enstriksyon yo kwonolozikman nan tout seksyon yo pou w fin ranpli aplikasyon an.



1 A. Tip Sèvis

Chwazi sèvis ou vle trete a epi idantifye nenpòt nan enfòmasyon ou vle chanje a. Tranzaksyon yo nan lis nan zòn Mwen Vle a nan seksyon sa a. Si w chwazi yon tranzaksyon ak yon asterisk (*) bò kote l, ou dwe antre kalite ak nimewo plak ki egziste deja a nan chan Kalite Plak ak Nimewo Plak yo.

Mwen vle:

- **Anrejistre ak resevwa tit yon veyikil** - Chwazi sa a pou w aplike pou nouvo plak ak tit yon veyikil ou fèk genyen. **Ranpli Seksyon A-M.**
- **Transfere plak nan yon nouvo machin** - Chwazi sa a pou transfere yon plak ki egziste deja nan yon nouvo veyikil ak menm pwopriyetè a (yo). Kalite Plak ak Nimewo Plak yo dwe antre nan Seksyon A a. **Ranpli Seksyon A-M.**
- **Restore yon anrejistremant** - Chwazi sa a pou peye yon frè restorasyon. Yo ka mande yon tenb asirans pou tranzaksyon sa a. **Ranpli Seksyon A, B, D oswa F, E si yo lwe, G, K ak M.**

1 A. Tip sèvis - suit

• **Aplike pou yon tit sovtaaj**- Chwazi sa a pou aplike pou yon tit sovtaaj. **Ranpli Seksyon A-J, L ak M.**

• **Aplike pou yon tit sèlman** – Chwazi sa a pou aplike pou yon tit ki pa gen okenn pwopriyete anrejistremant. Taks sou lavant yo ka obligatwa. **Ranpli Seksyon A-J, L ak M.**

• **Aplike pou yon anrejistremant sèlman**- Chwazi sa a pou w aplike pou yon nouvo plak lè pa gen okenn tit ki obligatwa (pa egzans, trelè ki gen mwens pase 3000 liv oswa pou yon anrejistremant Doub). **Ranpli Seksyon A-B, D-G ak I-M.**

REMAK: *Doub Enskripsyon se lè machin oswa trelè ki anrejistre nan yon lòt eta bezwen anrejistre nan MA anba konsèp anrejistremant doub (MGL Chapit 90, Seksyon 3) epi montre plak ki soti nan tou de jiridiksyon (jan sa mande nan MGL Chapit 90, Seksyon 6). Sa a aplike pou veyikil ki satisfè tout kondisyon sa yo:*

• **Moun ki pa rezidan ki posede epi ki anrejistre nan yon lòt eta**

- An posesyon, oswa anba kontwòl, rezidan MA yo pou plis pase 30 jou (pa nesèman youn apre lòt) nan yon peryòd ane kalandriye.

• **Transfere yon plak ant de veyikil** - Chwazi sa a pou transfere yon plak aktif ki egziste deja nan yon lòt machin ki kounye a gen tit pou menm pwopriyete a. **Ranpli Seksyon A-B, D-G ak I-M.**

• **Anrejistre yon machin ki te deja gen tit** - Chwazi sa a pou ajoute yon plak nan yon machin ki aktyèlman gen tit pou menm pwopriyete a. **Ranpli Seksyon A-B, D-G ak I-M.**

• **Bay yon machin ki te anrejistre deja tit** – Chwazi sa a pou aplike pou yon nouvo tit pou yon machin ki te anrejistre anvan san yon tit. **Ranpli Seksyon A-J, L ak M.**

• **Transfere machin bay yon mari oswa madanm ki an vi** – Lè w ap transfere tit pwopriyete machin nan bay yon mari oswa yon madanm ki an vi. Tranzaksyon vè mari oswa madanm lan disponib pou machin pèsone yo sèlman (passenger vehicles). Si w ap itilize plak ki egziste deja, bay Tip Plak la ak Nimewo Plak la nan Seksyon A a. Yo dwe soumèt fòm Afidavit mari oswa madanm ki an vi a ak yon sètifika lanmò madanm oswa mari ki mouri a ak tranzaksyon sa a. **Ranpli Seksyon A-M.**

• **Aplike pou yon anrejistremant akoutèm pou moun ki pa rezidan** – Pou yon anrejistremant akoutèm pou moun ki pa rezidan, dilè ak ajan asirans yo dwe chwazi sa a epi ranpli RTA a. Aplikan yo dwe ranpli tou yon Sètifika Asirans Otonòm pou Anrejistremant Akoutèm pou Moun ki pa Rezidan (ki disponib sou Mass.Gov/RMV).

• **Chanje plak la sou veyikil ki deja egziste san amannman** – Chwazi sa a pou chanje plak ki egziste deja a an yon nouvo plak ki pa gen okenn modifikasyon. Bay Tip Plak la ak Nimewo Plak la nan Seksyon A a. Si w ap chanje vè yon plak komèsyal oswa yon plak pou Elèv Lekòl, yo dwe anrejistre Pwa Brit Total la nan B12. Si w ap chanje vè yon plak "Liveri" oswa Otobis, ranpli B10 ak B11. **Ranpli Seksyon A, B, D oswa F, E si yo lwe, G, K ak M.**

• **Renouvele yon anrejistremant** - Chwazi sa a pou w renouvele yon anrejistremant. Yo ka mande tenm Asirans lan si konpayi asirans lan pa te soumèt dosye kontra asirans lan. Chan sa yo ka chanje pandan renouvèlman an: pwa, chèz, pasaje, adrès garaj, koulè, adrès rezidansyèl, adrès postal ak konpayi asirans. **Ranpli Seksyon A, B, D oswa F, E si yo lwe, G, K ak M.**

• **Modifye yon Anrejistremant** – Chwazi sa a pou modifye enfòmasyon ki nan Sètifika ANrejistremant ou an, tankou chanje plak ou a. Chwazi enfòmasyon w ap chanje a epi antre nouvo enfòmasyon yo nan seksyon apwopriye a jan sa endike a. **Ranpli Seksyon A, B, D oswa F, E si yo lwe, G, K ak M.**

2 B. Enfòmasyon sou Veyikil - suit

Seksyon B1 – B8 - Obligatwa pou tout tranzaksyon yo.

B3 – Tip Anrejistremant an – Lè w ap chwazi trelè kòm tip anrejistremant, sèvi ak lòt zòn nan pou ekri swa Komèsyal oswa Pèsone. **REMAK:** Lè w ap chwazi Camper, si li pran kouran, tcheke Camper nan B3. Si li pa pran kouran, tcheke Camper ak Trailer nan B3 epi pa ranpli B7, B8, ak B9.

B4 – koulè (yo) – Yo ka chwazi jiska de koulè pou yon veyikil ki gen plizyè koulè. Si w ap chwazi de koulè, endike koulè lè w make bwat koulè a avèk yon 1 pou koulè prensipal ak yon 2 pou koulè segondè.

B5 - Graniti - Graniti a se yon vèsyon modèl machin nan, ki defini diferan karakteristik ak opsyon. (e.g. SL – Standard Level, LE – Luxury Edition)

B7 - Pasaje yo - Pou tout machin "Pou anboche" oswa 7D kantite pasaje yo se kantite total plas yo mete sou sa chofè a epi yo dwe koresponn ak kapasite plas yo nan B11.

B8- Kalite gaz - "Lòt" opsyon gen ladan gaz natirèl konprese, dekapotab, elektrik ak dyezèl, elektrik ak gaz, etanòl, fleksib, selil gaz idwojèn, ak metanol.

2 B. Enfòmasyon sou Veyikil - suit

B9 Odometer - Antre odomèt an mil sèlman. Tout lòt inite yo dwe konvèti an mil.

B10 - Si w ap anrejistre yon Otobis, chwazi kalite/itilizasyon ki kòrèk la. Si w ap chwazi DPU, ou dwe soumèt yon Sètifika DPU ki valab.

B11 - Antre kapasite maksimòm pou chèz enkli chofè a, pou tout machin "Pou anboche" oswa 7D. Frè yo baze sou kantite total plas yo epi yo pral itilize pou kalkile frè enskripsyon yo.

B12 - Pwa Total Brit (TGW); ke yo rele tou Pwa Anrejistre (RW) – Antre pwa total brit (plen/chaje) machin komèsyal oswa trelè yo. TGW/RW a pa ka depase Rating Pwa Brit Veyikil la (GVWR), ki se pwa maksimòm manifakti a fikse.

3 C. Enfòmasyon sou Tit

Chan C1 - Chwazi Nouvo oswa Itilize. Si ou chwazi Nouvo, kite rès chan yo vid.

C2 – C4 - Obligatwa pou machin yo chwazi antanke Itilize yo nan seksyon C1 an.

C5 - Mak Sovtaaj Prensipal- Li sèlman obligatwa pou yon Tit Sovtaaj.

C6 - Mak Sovtaaj Segondè- Se sèlman obligatwa pou yon Tit Sovtaaj

4 D. Enfòmasyon sou Pwopriyete (1 ak 2)

Ranpli seksyon sa a pou tout tranzaksyon ki gen pwopriyete endividyèl yo. Jiska de moun ka nan lis kòm pwopriyete.

D1 - Chwazi ki dokiman ou bay nan sa yo egzije w la pou yo ka fè anrejistremant an pou ou. Dapre lalwa (M.G.L. c.90 § 2) yon 'moun natirèl' k ap aplike pou anrejistremant yon machin dwe bay omwen youn nan bagay sa yo:

- Lisans chofè Massachusetts ki poko ekspire oswa Nimewo Kat ID Massachusetts

- Lisans Chofè andeyò Eta a (Out-of-State, OOS) ki poko ekspire (soti nan Etazini oswa Kanada sèlman) - Li obligatwa pou lisans lan avè w si se an pèsòn ou vini. Si pwopriyete a pa prezan fizikman, li nesè pou gen yon kopi koulè devan ak dèyè lisans lan.

- Kat Sekirite Sosyal ou (SSN) - Ou dwe prezante Kat SSN Fizik ou. Kat la pa ka plastike.

- Prèzans legal, paspò etranje ki poko ekspire, oswa idantite konsila - Dwe prezante yon paspò etranje ki poko ekspire, yon idantite konsila, oswa youn nan dokiman prezans legal ki endike sou mass.gov/ID.

D4, D6, & D8 - Antre nimewo, kote yo te emèt, ak ekspirasyon dokiman idantifikasyon ou te chwazi nan D1 an.

REMAK: *RMV rezève dwa pou li eseye verifye nenpòt reprezantasyon oswa dokiman kliyan an te bay nan Seksyon sa a. Nenpòt moun ki fè espere fè nenpòt fo deklarasyon nan yon aplikasyon pou anrejistremant yon veyikil a motè, moun sa sijè a pousuit ak yon amann ak/oswa prizon si yo kondane l (M.G.L. c.90, §24). Ajan k ap fè anrejistremant an ka anile tou nenpòt anrejistremant yo jwenn ki gen fo deklarasyon oswa deklarasyon ki pa kòrèk.*

D9 & D18 - Antre adrès imel pwopriyete a (si ou vle)

D5 & D14 Adès Rezidansyèl - Adrès rezidansyèl la se kote pwopriyete a abite. Si gen de pwopriyete, adrès rezidansyèl ki parèt sou anrejistremant an pral Pwopriyete 1.

D7 & D16 Adrès lapòs pwopriyete a - Antre adrès postal la si li diferan de adrès rezidansyèl la. Si gen de pwopriyete, adrès rezidansyèl ki parèt sou anrejistremant an pral Pwopriyete 1. Y ap voye dokiman ki gen rapò ak anrejistremant yo lapòs nan adrès rezidansyèl la sof si yo antre yon lòt adrès nan chan adrès postal pwopriyete a.

5 E. Enfòmasyon sou Lokatè/An Gad

E1 - Ranpli seksyon sa a si machin nan lwe oswa si moun ki posede machin nan pa rezidan, men se yon rezidan gad Massachusetts.

Liste Lisans Lokatè a, ID, oswa SSN. Si Lokatè a se yon biznis, liste FID biznis la. Ranpli seksyon an lè w bay non ak adrès lokatè a.

E4 - Si gen de lokatè, ranpli enfòmasyon sou 2yèm lokatè a. Enfòmasyon sou lokatè a dwe matche ak Achte ak Komèsyal Akò. Jiska de moun ka nan lis la.

SOU

6 F. Enfòmasyon sou Pwopriyete Biznis

Ranpli seksyon sa a pou machin ki se posesyon yon antite biznis oswa konpayi lokasyon. Prè v FID obligatwa si antite biznis la pa nan dosye nou. Prè v FID gen ladan 147C, CP575, oswa Fòm 2180, tout bagay ki soti nan Internal Revenue Service (IRS).

F1 - Antre adrès imel biznis (si ou vle).

F4 ak F5 USDOT# ak TIN - Obligatwa pou transpòtè motè k ap opere machin komèsyal ki:

- Angaje nan komès andedan eta a (biznis ki fèt sèlman nan Massachusetts) ki gen yon evalyasyon Brit Veyikil oswa Pwa Combo Brit ki depase 10,000 liv; oswa ki

- Itilize nan transpò materyèl danjere an kantite ki egzijè pankat; oswa
- Ki fèt pou transpòtè plis pase 15 pasaje, ki gen ladan chofè a, yo itilize pou komès andedan eta Massachusetts

Pou jwenn yon # USDOT vizite www.fmcsa.dot.gov

F6 – DBA (Fè Biznis Antanke) – Chan sa a se pou aplikan Seksyon 5 sèlman. Antre non DBA a.

F7 – SSN si se yon Sèl Pwopriyete – Lè w ap anrejistre machin kòm yon sèl pwopriyete, yo mande prè v FID ak Kat Sekirite Sosyal (SSN) inik pwopriyete a.

F8 Adrès Fizik – Antre lokalizasyon fizik biznis la.

F9 Adrès Postal – Antre adrès postal biznis la.

7 G. Adrès Garaj

G1- Adrès garaj la se kote machin nan ye fizikman oswa nan garaj pou lannwit lan. Yo itilize adrès sa a pou idantifye ki konte oswa vil ki ap bay kliyan an bòdwo taks endirèk la.

8 H. Enfòmasyon sou moun/enstans ki gen dwa retansyon yo

Si veyikil la finanse, antre non ak adrès enstitisyon ki finanse l la. Si w pa gen kòd moun/enstans ki finanse l la, kite l vid.

9 I. Barèm taks sou vant oswa sou itilizasyon

I1 - Lè yo achte machin nan nan men yon konsesyonè machin ki gen lisans, konsesyonè a dwe ranpli seksyon sa a.

I2 - Lè yo achte veyikil la dirèkteman nan yon vant piblik, yo dwe antre pri vant lan ki gen ladan l prim achtè a. Konsesyonè a dwe ranpli tou Vant pa Konsesyonè Motè ki gen Lisans ak Siyati Konsesyonè Otorize a nan Seksyon I1.

I3 - Lè yo achte machin nan nan men yon lòt moun ki pa yon konsesyonè otomobil ki gen lisans, seksyon sa a dwe ranpli

I4 - Lè machin nan egzante pou li pa peye taks, se RMV ki ap ranpli seksyon sa.

10 J. Enfòmasyon sou Acha

J1-Ou dwe antre nan seksyon sa a dat ou te achte veyikil ke yap anrejistre/ke y ap bay tit la.

J2-J5 Seksyon sa a dwe ranpli lè yon moun ap konvèti machin yo soti andeyò eta a vè MA.

11 K. Enfòmasyon sou Asirans

K1, K2, K3 and K5 - Se yon ajan asirans otorize oswa konpayi Massachusetts ki dwe ranpli sele, ak siyen seksyon sa a. Yo mande prè v asirans pou tout tranzaksyon yo eksepte pou tranzaksyon Tit Sovtaj ak Tit sèlman. Yo ka mande w prè v asirans lè w ap fè renouvèlman, re-enstale plak, ak kèk modifikasyon. Tenm asirans lan valab pou 30 jou.

K4- Oto-asirans - Seksyon sa dwe ranpli pou tout machin ki oto-asire yo Gen 3 ka kote oto-asirans akseptab. 1) Kliyan afiche yon kosyon ak Biwo Trezorye Ameriken an 2) antite a se yon biwo leta oswa mnisipal oswa 3) antite a se yon konpayi sèvis piblik. Biwo Trezorye a pral bay yon Sètifika Trezorye, ki dwe soumèt nan moman tranzaksyon an pou anrejistre machin nan.

K5- Dat Chanjman Kontra a - Ou dwe ranpli seksyon sa a pi ta nan 1) dat yo te ajoute veyikil la nan kontra a oswa 2) dat yo mete RTA ak so a.

12 L. Enfòmasyon vandè

L1 and L2 - Seksyon sa a dwe ranpli ak Non Vandè a ak Adrès Vandè a.

13 M. Sètifikasyon ak Siyati Aplikan yo

Tout pwopriyete yo oblije siyen epi mete dat sou aplikasyon sa a.

6

F. Business Owner Information		F1. Email <input type="checkbox"/> Cell <input type="checkbox"/> Home <input type="checkbox"/> Work Phone#	
F2. EIN/FID	F3. Corp/Co/Organization/Lessor Name		F4. USDOT#
F6. DBA Dealer - Farmer - OC - Repair - and Transporter use only		F5. TIN#	
F8. Physical Address Apt. # City State Zip Code		F7. SSN if Sole Proprietor	
F9. Mailing Address <input type="checkbox"/> Same as Physical Address Apt. # City State Zip Code			

7

G. Garaging Address Address where vehicle is principally garaged.				
G1. Address	Apt. #	City	State	Zip Code

8

H. Lienholder Information The bank, financial institution, or private party that financed your vehicle loan.		
1st Lien Code	Name	Address
2nd Lien Code	Name	Address
3rd Lien Code	Name	Address

9

I. Sales or Use Tax Schedule		Numbers I1 or I2 must be completed by a licensed dealer. Number I3 must be completed for all casual/private sales. Number I4 is completed for sales tax exemptions by the RMV.	
I1. Sale by Licensed Motor Dealer Dealer EIN/FID #: _____		I2. Sale by Auction Sale Price including Buyer's Premium: _____	
Authorized Dealer's Signature: _____		MSRP: _____ Total Sales Price: _____	
Less Manufacturers Excise: _____		I3. Sale by Other Than Motor Vehicle Dealer or Auction House (Casual Sale) Gross Sale Price (Proof Required): _____	
Trade-In 1 VIN: _____	Less Trade-In Allowance: _____	MA Sales/Use Tax: _____	
Year: _____ Make: _____ Model: _____		Out of State Sales Tax Previously Paid: _____	
Trade-In 2 VIN: _____	Less Trade-In Allowance: _____	State that Sales Tax was Paid to: _____	
Year: _____ Make: _____ Model: _____		I4. Claim Exemption Code _____	
Taxable Sales Price: _____ MA Sales Tax Paid: _____		Form Attached (If Required) _____	

10

J. Purchase Information		J1. Purchase Date: _____	J2. Is this vehicle being converted from another state with the same owner? If Yes, answer questions J3-J5 below <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No
J3. MA Resident at Time of Purchase? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No	J4. Was Mass Sales Tax Previously Paid? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No	J5. Proof of Tax or Letter of Delivery provided? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No	

11

K. Insurance Information		The company signatory hereto hereby certifies that it has or will insure or guarantee performance by the applicant herein before named with respect to the motor vehicle herein before described for a period at least coterminous with that of such registration under a motor vehicle liability policy, binder or bond which conforms to the provisions of general laws, Chapter 175, Section 113A, and that the premium charge and classification on the effective date of registration are as established by the commissioner of insurance under Chapter 175, Section 113B, 113H and Chapter 175E.
K1. Insurance Company		
K2. Insurance Code	K3. Effective Date of Insurance	
K4. Self Insured? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No	K5. Policy Change Date	
Insurance Company's Authorized Representative's Signature		

12

L. Seller Information				
L1. Seller Name (Please Print)				
L2. Address	Apt. #	City	State	Zip Code

13

M. Certification and Signature of Applicant(s)		Application not complete without all required signatures.		
I/We the applicants hereby certify under the penalties of perjury that there are no outstanding excise tax liabilities on the vehicle described above that have been incurred by the applicant(s), any member of the applicant's immediate family who is a member of the applicant's household or the business partner of the applicant(s). The RMV reserves the right to verify any representations or documents you provide. Whoever knowingly makes any false statement in application for registration of a motor vehicle is subject to prosecution and a fine and/or imprisonment upon conviction (M.G.L. c.90, §24). The Registrar may also revoke any registration obtained by false statements or misrepresentations. I hereby affirm under the penalty of perjury that the representations and/or documents I have provided in this Section are true and accurate. I further understand that falsely affirming to any matter required by the Registrar under Chapter 90 may be considered to be the commission of perjury under Chapter 90, Section 28 and punished as such under M.G.L. c. 268, §1.				
Signature: Owner/Lessee 1		Date: _____		
Signature: Owner/Lessee 2		Date: _____		